



Pou Piblikasyon Imedya: 23/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN FWA ETA NEW YORK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF KI OGMANTE APWOVIZYÒNMAN ETA NAN MANJE LOKAL KI SOTI NAN MEN KILTIVATÈ YO

Ajans Eta yo pral ogmante pousantaj manje ki soti nan men kiltivatè ak pwodikè New York yo a 30 pousan disi 2028

Gouvènè Hochul te siyen tou pwojè lwa pou adrese defi teknik nan agrikilti ak pou ranfòse pwomosyon agrikilti ak sipòte fwa ki pi piti ak nouvo fwa yo

Lejislasyon (A.1528-A/S.1723-A) pral rasanble etidyan yo pou devlope teknoloji agrikòl inovan nan kad Fwa Eta New York la

Lejislasyon (A.2935/S.5526) pral sipòte fwa ki pi piti ak nouvo fwa yo atravè eta a epi ankouraje patisipasyon jèn yo nan agrikilti ak nan zèv atistik nasyonal yo

Gouvènè Kathy Hochul nan Gran Fwa Eta New York la jodi a te siyen yon [Dekrè Egzekitif](#) ki mande ajans Eta yo ogmante pousantaj manje ki soti nan men kiltivatè ak pwodikè New York yo a 30 pousan nan acha total pa yo nan senk ane. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon pou rasanble etidyan yo nan Fwa Eta New York la pou devlope teknoloji agrikòl inovan yo ansanm ak lejislasyon pou sipòte fwa ki pi piti ak nouvo fwa yo atravè eta a pandan y ap ankouraje patisipasyon jèn yo nan agrikilti ak nan zèv atistik nasyonal yo

"Agrikilti se kolòn vètebral eta nou an, epi fwa eta nou an se yon fason pafè pou montre sa – se poutèt sa n ap pran gwo etap pou sipòte alafwa fèmme nou yo ak fwa nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou ogmante kantite manje ajans Eta yo dwe achte nan men kiltivatè ak pwodikè lokal yo, n ap envesti plis nan pwodiksyon agrikòl ak transfòmasyon manje nan New York. Nou pral kontinye pran mezi solid pou sipòte pwochen jenerasyon kiltivatè nou yo ak avni endistri agrikòl nou an pou plizyè deseni k ap vini yo."

Ajans Eta New York yo kounye a rapòte depans ki prèske 4 milyon dola nan manje New York; nouvo efò sa a ta vize pwokire ak achte manje pou yon valè ki prèske 400 milyon dola nan men kiltivatè New York yo. Dekrè Egzekitif la mande Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) pou asire ke kontra manje santralize li yo mete aksan

sou pwodiktè New York yo. Li mande pou ajans yo rapòte acha manje, enkli sa yo achte atravè founisè sèvis ki gen kontra, bay OGS pou asire ke objektif 30 pousan yo reyalize. Objektif 30 pousan an ka atenn pwogresivman, avèk ajans yo k ap achte 5 pousan nan pwodwi alimantè pa yo nan New York nan fen ane sa a; 15 pousan nan fen 2024; 20 pousan nan fen 2025; 25 pousan nan fen 2026; ak 30 pousan nan fen 2027.

Dekrè Egzekitif la mande tou pou Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) yo ak OGS pou yo rasanble yon gwoup travay, ki pral gen ladann reprezantan Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision), Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS), Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlòpmantal (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD), Depatman Sante (Department of Health, DOH), Biwo Vyeyès (Office of the Aging), ansanm ak lòt ajans eta ki achte manje. Gwoup la pral travay pou idantifye opòtinite pou ogmante acha pwodwi manje Eta New York yo, rekòmande konsèy pou ede ajans eta yo ogmante kantite pwodwi alimantè Eta New York yo achte, epi rekòmande egzijans pou kolekte done ak rapò pou reyalize objektif Dekrè Egzekitif la.

Dekrè Egzekitif la ankouraje tou gouvènman konte ak minisipal yo, ansanm ak distri lekòl lokal yo ki pa deja patisipe nan inisyativ 30 pousan lekòl Eta a, pou rejwenn yo nan atenn objektif sa a.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul siyen lejislasyon (A.1528-A/S.1723-A), ki apati ane pwochèn, pral rasanble jèn ki enterese nan agrikilti, syans, ak teknoloji nan Fwa Eta New York yo pou devlope solisyon inovan pou pwoblèm agrikilti ak pwodiksyon manje ap fè fas. Avansman teknolojik nan agrikilti te deja chanje drastikman endistri agrikòl la epi yo pral gen anpil chans pou kontinye fè sa, epi sa pral ede ankouraje enterè ak kiryozite jèn inovatè ak envantè yo nan kad defi endistri agrikòl la.

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Nouvo defi jèn sa a sèvi pou ekipe avni kiltivatè nou yo ak zouti pou navige defi emèjna yo nan endistri agrikòl la. Pwoblèm ijan ke kiltivatè yo ak pwodiktè manje yo ap konfwonte jodi a - ki gen ladan ogmantasyon depans pwodiksyon ak bezwen pou ogmante efikasite enèji - pa ka neglije. Mwen remèsye Gouvènè a paske li siyen pwojè lwa a ki pral angaje etidyan yo nan yon laj byen bonè epi simen semans dirabilite inovasyon pou yon demen ki an sekirite, ki pi an sante."

Manm Asanble Carrie Woerner te deklare, "Siyen de pwojè lwa sa yo Gouvènè Hochul nan Fwa Eta New York ane sa a mete aksan sou angajman New York ak wòl lidèchip li genyen nan priyore patisipasyon jèn yo nan agrikilti. Pou rankontre defi tan k ap vini yo pandan l ap kenbe tradisyon agrikòl solid eta a, New York dwe devlope filyè nouvo kiltivatè ak nouvo teknik agrikòl yo."

Gouvènè Hochul te siyen tou lejislasyon (A.2935/S.5526) pou sipòte fwa ki pi piti ak nouvo fwa yo epi ankouraje patisipasyon jèn yo nan agrikilti ak nan zèv atistik nasyonal

yo nan bese sèy pou ranbousman pa yo. Bay finansman nan fwa konte yo ede ankouraje agrikilti ak zèv atistik nasyonal pami jèn yo nan ankouraje patisipasyon jèn yo nan konpetisyon ki enplike zèv atistik ak atizana, elvaj bèt, ak sans espektak. Kounye a, fwa yo dwe peye omwen 5,000 nan prim kòm rekonpans bay jèn yo pou yo ka vin kalifye pou ranbousman eta a. Akòz sa, pi piti fwa atravè eta a yo pa rive nan sèy 5,000 dola pou prim yo peye epi kounye a yo pa kalifye pou ranbousman eta a. Pou sipòte tout antite ki fè pwomosyon agrikilti ak zèv atistik nasyonal nan eta a, kèlkeswa gwosè yo, Eta a pral ofri kounye a yon sèy ranbousman 2,500 dola nan fwa konte yo atravè lejislasyon sa a, ke yo tout òganize konpetisyon enpòtan sa yo pou jèn Eta New York.

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Ti fwa yo nan konte atravè Eta New York bay opòtinite lidèchip ki gen anpil valè ki ede jèn yo devlope endepandans ak konpetans pou lavi epi pran konfyans nan kapasite yo. Atravè lejislasyon sa a, n ap bay ti fwa nan konte yo yon zouti ekonomik enpòtan pou ede yo kenbe patisipasyon jèn yo epi sipòte pwochen jenerasyon lidè nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa nou an an lwa, epi mwen pa ka tann pou mwen wè anpil fwa lokal atravè Eta a benefisyè de kalifikasyon elaji sa a."

Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard Ball, te deklare, "Ak siksè inisyativ nou yo tankou Farm-to-School (Soti nan Fèm rive nan Lekòl), inisyativ 30 pousan Eta New York la, ak Nourish New York (Nouri New York), Gouvènè a te fikse yon objektif enteresan pou ogmante acha manje enstitisyonèl ak ajans yo Eta New York a 30 pousan disi 2028. Nouvo inisyativ sa a pral yon eleman ki chanje jwèt la pou agrikilti New York la, l ap ede bay kiltivatè nou yo yon ogmantasyon ekonomik epi asire chèn apwovizyonman manje lokal la, soti nan kiltivatè yo rive nan konsomatè yo."

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Ekip OGS la fyè dèske li jwe yon wòl enpòtan nan efò Gouvènè Hochul ap fè pou sipòte fèmme New York yo epi sèvi ak gwo pouvwa acha Eta a pou ranfòse ekonomi agrikòl nou an. Nou pral travay avèk vandè nou yo ak patnè ajans eta yo pou ogmante disponiblite ak itilizasyon manje ki pwodui lokalman yo ofri atravè kontra eta yo."

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare, Biwo Fèm Agrikòl New York la apresye Gouvènè Hochul ki siyen yon dekrè egzekitif pou fè achte lokal devni plis pase yon priyorite pou eta a, ansanm ak pwojè lwa pou investi nan jèn nou yo. Gouvènman Eta New York la se yon gwo mache pou pwodwi New York yo atravè ajans eta yo, inivèsite yo, ak sistèm prizon an, pou site sa yo sèlman. Ogmante kapasite mache a sipòte biznis familyal atravè New York, epi mete plis pwodwi fre ak nourisan nan men Nouyòkè yo. Se yon sitiyasyon gayan-gayan." Nou sipòte tou inisyativ pou kreye plis opòtinite pou jèn yo nan fwa konte yo ak atravè nouvo Defi Teknolojik Agrikòl pou Devlopman Jèn yo (Youth Development Agriculture Technology Challenge). Teknoloji se yon gwo pati nan agrikilti modèn lan. Syans ak rechèch se kle pou ede fèm yo amelyore sa yo fè, enkli leve gwo defi tankou chanjman klimatikla. Kèlkeswa etidyan yo nan North Country oswa nan Vil New York, si nou investi nan jèn nou yo, nou ka bay yon pi bon chemen pou pwochen jenerasyon k ap rezoud pwoblèm nan fèm nou yo."

Direktè Egzekitif Pwovizwa Sosyete Òtikilti Eta New York la, Jim Bittner te deklare, "Antanke yon moun ki nan agrikilti pwodiksyon pandan plis pase 40 ane, mwen konprann enpòtans pwodwi lokal yo. Kòm yon kiltivatè pwodui letye, mwen te bay yon bon kalite pwodwi; kounye a mwen gen yon fèm fwi, mwen travay pou asire ke pòm, seriz, pèch, ak lòt fwi nou yo ka nourri non sèlman kominote lokal nou an men tou tout Nouyòkè yo. Mwen pa ka tann pou m travay avèk minisipalite lokal yo ak Eta a pou akonpli misyon Dekrè Egzekitif Gouvènè a."

Dekrè Egzekitif la se yon pati nan angajman Gouvènè a te pran nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 li a ak Bidjè Eta New York la pou ogmante rezistans ak kapasite sistèm alimantè New York la epi pou ranfòse ekonomi lokal yo nan kreye yon demann adisyonèl pou pwodwi agrikòl yo kiltive nan New York. Li bati sou efò Eta New York ap fè pou sipòte fèmnye ak pwodiktè New York yo epi konekte yo ak nouvo mache atravè pwogram tankou Farm-to-School, inisyativ 30 pousan Eta New York, Nourish New York, ak New York State Grown & Certified (Kiltive & Sètifye nan Eta New York). Anons sa a bati sou dènye aksyon Gouvènè a ki te enkli nan Bidjè Eta pou Ane Anplis de sa, dènye mezi Gouvènè a te pran pou sipòte inisyativ Farm-to-School ki enkli nan Bidjè Eta a pou Ane Fiskal 2024 la te ogmante sèy diskresyonè pou lekòl yo achte manje ak pwodwi alimantè lokal yo soti nan 20,000 dola rive nan 150,000 dola.

Konplemantè inisyativ sa yo, Lekòl Ekonomi Aplike ak Jesyon Charles H. Dyson (Charles H. Dyson School of Applied Economics and Management) nan Cornell University kounye a ap fè rechèch sou varyab ki gen enpak sou vre pri manje ak objektif pou ogmante konpetitivite acha manje lokal. Gwoup travay la pral revize rechèch sa a epi enkòpore li nan analiz ak diskisyon li yo sou opsyon akizisyon yo pou pi devan.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418